



The Children's Trust

Tout timoun se pitit nou tout

Misyon nou:

Se pou nou vin gen bon jan renome nan afè planifye, defann kòz timoun epi finanse bon jan sèvis pou amelyore vi timoun ak fanmi yo.

The Children's Trust
DIAL 211 HELPLINE

Se yon referandòm yo te vote pou tabli "Fon pou ede timoun" ki gen non Angle "The Children's Trust". Se yon lajan ki la pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Miami-Dade Konnti.



MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

Manje ki chaje ak lanouriti pou timoun ki an sante	2
Abitid manje manje ki bay sante kòmmanse ak chwa ki bon pou sante timoun	3
Fè plan pou n sove	4
Pran desizyon pou w enspire pitit ou atravè travay atis	4

ba yo plis konesans renmen yo plis

Telephone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon www.bayopliskonesansrenmenyo.org pou ou.

Mete tibebe ou dòmi yon fason ki san danje

Doktè Kendra Y. Velez, rezidan an chèf pedyat nan Inivèsite Miyamillopital Jaksonn.

Akademi ameriken pou pedyatri (AAP – American Academy of Pediatrics) di nou klè yon tibebe dwe kouche sou do lè l ap dòmi. Malgre sa, an 2004, gen yon sit entènèt nasyonal ki di nan yon rapò, 14% tibebe, se sou vant yo mete yo dòmi.


Kanpay nasyonal "Dòmi sou do" te kòmanse an 1994, apre yo te fin pibliye plizyè etid ki te panche sou pwoblèm pozisyon tibebe nan dòmi ak kantite ka Sendwòm tibebe piti ki mouri sibat (SIDS - Sudden Infant Death Syndrome). SIDS la vle di yon tibebe piti ki mouri san yo pa rive jwenn okenn esplikasyon pou lanmò sa a, kwak yo mennen ankèt, sa vle di yo chèche konnen istwa medikal tibebe a, yo fè otopsi kadav li e yo egzaminen kote l ye a lè l mouri a. Nou jwenn ka SIDS plis ak timoun nan laj 2 a 3 mwa; dapre definisyon li, li pa janm fèt ak timoun ki deja gen 1 an.

Pami kèk sityasyon ki pa gen rapò ak anyen ki ka lakòz tibebe piti mouri sibat, nou jwenn: yo mete tibebe piti dòmi sou vant, dòmi sou bagay ki twò mou, manman ki te konn fimen pandan yo ansent, yo mete twòp bagay cho sou tibebe a, jenn fi ki fè pitit twò bonè, epi tibebe ki fèt anvan lè.

Men kèk bagay paran kab fè pou diminye danje SIDS la:

- **Dòmi sou do sèlman.** Mete tibebe pitit kouche sou do yo, se pi bon pozisyon ki gen mwens danje a.

- **Di moun nan sant gadri kote ou mennen pitit ou a oswa moun k ap gade li a pou yo mete pitit ou kouche sou do CHAK fwa l ap dòmi.** Gen etid ki montre gen plis danje ka SIDS pou tibebe piti yo abitye mete dòmi sou do epi yo mete yo kouche sou vant dènye fwa yo dòmi anvan lanmò a.
- **Granmoun pa dwe dòmi nan menm kabann ak yon tibebe piti.** Dòmi sou menm kabann kapab ofri avantaj tankou vin gen yon lyen sere ak bebe a epi sa ka ede tou nan bay tibebe a tete. Men gen gwo danje nan dòmi sou menm kabann ak bebe, sitou pou tibebe ki poko gen 3 mwa. Lè fini tou, danje a pi gwo toujou lè tibebe piti ap dòmi sou menm kabann ak yon granmoun ki fatige oswa ki sot bwè tafya. Pi bon kote pou yon tibebe piti kouche, se nan bèso nan chanm paran li. Ou kab mete tibebe a sou kabann ou pou ba l tete oswa pou fè l pe si l ap kriye, men kou li pare pou l dòmi, ou dwe tounen mete l nan bèso l.
- **Wete tout danje nan bèso a.** Pandan tibebe a ap dòmi, ou dwe wete tout bagay ki gaye ak tout dra ki pa byen detire nan bèso a. Tibebe a dwe dòmi sou matla fèm ki fèt pou bèso, epi ki kouvri ak yon dra. Tout bòdi ki nan bèso a dwe mens, yo dwe fèm epi yo dwe byen tache. Dra pou kouvri bebe a dwe byen kore anba matla a oswa ou dwe mete rad ki pou kenbe bebe a cho pandan l ap dòmi an. Tanperati chanm nan dwe konfòtab pou yon granmoun ki mete yon rad lejè sou li.



kontinye nan pwochen paj la

MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvii aprann letan pou yo kòmmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.


Si ou ta renmen resewva ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



rès atik nan paj 1 an

- **Pa fimen pandan ou ansent.** Sa se youn nan pi gwo danje ki genyen, dapre jan anpil rechèch montre.
- **Evite yon « tèt plat ».** Gen anpil paran ki pè pou deyè tèt tibebe yo a pa vin plat si yo mete l kouche sou do. Pou ede w evite pitit ou genyen sa pwofesyonèl lamedsin yo rele “plajyosefali pozisyon lakòz”, men kèk bagay ou kapab fè:
 - **Moman pou tibebe a al sou vant.** Lè je tibebe a klè epi ou kapab veye li, mete l kouche sou vant. Sa ede tou nan devlopman tèt li ak kou li.
 - **Chanje pozisyon tèt li pandan l ap dòmi.** Gen diferan teknik. Youn nan yo se mete tibebe a dòmi ak tèt li vire sou yon bò pandan yon semenn, epi chanje bò nan lòt semenn nan. Youn lòt teknik : Si tibebe a gen yon bagay li renmen gade, chanje pozisyon bèso a yon fason pou tibebe a kab kontinye gade bagay sa a men nan yon lòt pozisyon.

Referans: Task Force on Sudden Infant Death Syndrome. *The Changing Concept of Sudden Infant Death Syndrome: Diagnostic Coding Shifts, Controversies Regarding the Sleeping Environment, and New Variables to Consider in Reducing Risk.* Pediatrics 2005, 116(5): 1245-1255.



www.mdpls.org
Public Library System

Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti.

Pou kab jwenn bibliyotèk

ki tou pre w, rele nan nimewo 305-375-2665
oswa ale nan sit wèb sa a: www.mdpls.org

Manje ki chaje ak lanouriti pou timoun ki an sante

Sabrina Candelaria, MPH, RD, LDIN, pedyat nitrisyonis, Mailman Center for Child Development, Miller School of Medicine.

Nouvo ane k ap vini an se bon lè pou w fè kèk chanjman nan mòd vi w ap mennen. Ki pi bon mwayen ki genyen pou w ede pitit ou gen yon nitrisyon ki pi byen ekilibre pase ba l abitud manje manje ki pi bon pou sante? Youn mwayen ki bon nèt pou w fè sa, se itilize kèk manje de baz ki chaje ak lanouriti, manje yo konsidere ki gen avantaj pou sante moun e ki depase lòt manje òdinè yo, paske sa nou jwenn ladan yo nourisan anpil. Men kèk bon manje natirèl, ki chaje ak lanouriti, ki ka bay pitit ou bon nitrisyon pandan tout ane a:

Pwa: An jeneral, pwa se yon manje ki gen anpil fib, men tou li chaje ak pwoteyin ak fè ki enpòtan anpil pou kwasans ak devlopman timoun pandan yo piti. Pwa gen lanouriti ki anpeche konstipasyon (fib), ki pèmèt timoun grandi epi devlope (pwoteyin) epi tou ki anpeche yo fè anemi (fè), yon maladi timoun genyen lè yo manke mineral nan kò yo. Pwa fasil pou prepare. Ou ka mete l nan salad, nan soup, nan ragou. Ou ka kuit li ak diri, ak espageti oswa kòm sòs. Oumous –yon pire ki fèt ak pwa chich – gen bon gou lè nou manje l ak legim fre.

Grenn raje (ti fwi): Ti fwi djanm sa yo regle koze pitit ou ki renmen bagay ki dous, san yo pa gen sik rafine ki nan ti gouste tou prepare yo. Gen plizyè kalte fwi grenn raje moun kapab manje, tankou mitiy, frèz, franbwaz; yo chaje ak kaboyidrat, fib, vitamin A, vitamin C ak potasyòm. Epi tou, yo gen pwodui chimik ki nan plant ki ka konbat maladi, pwodui sa yo rele antosyanin, yo ka anpeche moun fè kansè ak maladi kè. Manje yo lè yo frèch, lè yo jele oswa sou fòm pire ak divès kalite manje timoun renmen, tankou yogout, sereyal pou manje maten, jelatin, krèp (pennkek), gòf(wafòl) oswa lòt ji fwi olè.

Ze: Ze fè pati pi bon sous pou pwoteyin ki genyen pou bay pitit ou. Kalite pwoteyin yo genyen an pi wo pase anpil lòt manje, akòz aminoasid ki anndan yo. Nan yon plan manje ki ka kenbe kè w an sante epi ki pa gen twòp grès ou ka mete yon ze chak jou san danje. Ze chaje ak vitamin ansanm ak mineral epi yo gen anpil kolin ki se yon mineral enpòtan pou devlopman sèvo tibebe ak timoun. Ou ka bay tibebe ki gen 8 mwa manje jòn ze bouyi, men yo rekòmande pou w ret tann timoun nan gen 1 an anvan w ou ba li blan ze a, akòz alèji li ka bay timoun piti.

Patat: Viv sa a se yon rasin dous ki bay nitrisyon pitit ou yon bourad ki gen anpil fòs paske li gen yon konbinezon kaboyidrat, vitamin C, folat, fib ak kawotenoyid ki se

eleman ki fòme A – ki enpòtan anpil pou je. Koulè briyan legim sa a genyen an vle di li se yon sous ki chaje ak pwodui chimik ki nan plant ki gen kapasite pou yo konbat maladi. Patat se youn nan bon premye manje ou kab bay timoun piti ki fenk ap kòmanse manje manje solid. Ou kab prepare l an pire, ou kab kraze l oswa mete l nan soup, nan ragou, ou ka kuit li nan vapè oswa boukannen l nan fou. Si nou kale l epi nou fè l fè plizyè ti franch fen, nou kab pase lwil kanola, luil doliv oswa blan ze lejèman sou li (pou timoun ki gen plis pase 1 an), epi nou kuit li nan fou. Kon sa li ka sèvi nan plas pòm detè fri oswa chip pòm detè.

Yogout: Se yon manje nourisan ki lou. Se bon jan bon sous pwoteyin, kalsyòm ak fosfò – bon mineral ki enpòtan anpil pou fòmasyon zo – men tou li gen bakteri ki bon pou sante yo rele « kilti vivan ki aktif ». Gen rechèch ki montre « kilti » sa yo ede trip moun fonksyone byen epi yo ede sistèm defans kò moun tou. Kòm yogout se yon bagay timoun renmen, nou ka sèvi avè li divès fason, epi nou ka melanje l san pwoblèm ak fwi frèch, jele oswa seche oubyen ak sereyal an grenn konplè oubyen ki tou pare. Epi tou, yogout sèvi kòm bon baz pou fè ji fwi olè ak sòs (kòktèl). Timoun ki gen plis pase 2 an kapab manje yogout ki pa gen anpil grès epi ki gen kilti vivan ki aktif ladan yo. Timoun ki gen mwens pase 2 an, se yogout ki gra ase pou nou ba yo, paske yo bezwen grès yogout bay la pou devlopman sèvo yo.

Eseye antre manje sa yo nan rejim manje pitit ou, pou w kab kòmanse mete yo sou chimen manje ki ekilibre. Kwak lis manje ki chaje ak lanouriti yo plis lontan pase senk manje sa yo nou sot ba ou la a, se yon bon kòmansman yo ye non sèlman pou timoun men pou granmoun tou. Ou kab vin gen yon mòd vi ki pi an sante, si ou deside fè chanjman sa yo ansanm an famiy. Sa enpòtan pou w mete bon egzanp nitrisyon pou pitit ou, pou yo kab tounen granmoun ki an sante.



Abitid manje manje ki bay sante kòmpanse ak chwa ki bon pou sante timoun

Michael R. Malone, *The Children's Trust*

Gen divès sitiyasyon – plis restoran rapid pou moun chwazi sa yo vle, enfliyans piblisite ak tandans moun genyen pou fè mwens aktivite fizik – ki mete ansanm pou fè kesyon vin twò gwo a tounen yon gwo tèt chaje pou timoun ameriken tout laj, tout ras.

Yo rele twazyèm semenn mwa janvyè a Semenn pou moun manje manje ki bon pou sante, yon fason pou atire atansyon tout moun sou kriz nasyonal ki genyen ak timoun ak jenn moun gwo depase. Gen kenx pou san timoun 6 a 19 an ki twò gwo. Nan lane 1960 yo, se te senk pou san ase. Pou jenn ti Ameriken nwa, jenn ti anyòl ak jenn ti endyen, pousantaj la pi wo toujou, dapre Sant nasyonal pou estatistik sou.

Òganizasyon *Unidad* nan Miyamibitch, ki jwenn yon finansman 258 000 dola ane sa a nan men *The Children's Trust*, fè fòmasyon pou elèv ak paran pou yo kab pran pi bon desizyon nan kesyon nitrisyon.

Nan kad pwogram “Kids Hip To Be Fit” la, yo fè tès Endis mas kòporèl anvan ak yo patisipe ak apre yo patisipe, epi twa pwofesè ki fè klas nitrisyon pou timoun nan kat lekòl nan Miyamibitch. Timoun yo resevwa yon fòmasyon sou nitrisyon pandan yon demi èdtan, chak semenn.

Direktè pwogram nan, Sarah Edwards, deklare: “Nou jwenn bon jan rezilta. Timoun kouri al kot pwofesè yo pou di yo y ap manje yon pòm e yo pa t janm eseye fè sa anvan – Se yon gran zafè.”

Unidad ofri paran yo tou yon klas fòmasyon, yon fwa pa mwa, kote yo konsidere diferans kiltirèl ki genyen yo. Sarah Edwards di: “Gen anpil nan paran yo ki ap travay pou yo eseye fè pi bon chwa manje ki bay sante lakay yo, nan mete pi bon manje sou tab la, men yo pa toujou gen pi bon resous yo”.

Pami tout sistèm lekòl nan peyi a, se Lekòl Leta Miyamided yo ki devan nèt nan ankouraje bon jan chwa manje ki bay sante pou elèv yo. Konsèy administrasyon lekòl Miyamided la entèdi yo vann elèv yo bwason gazez, e sistèm sa a se youn nan premye sistèm nan peyi a ki elimine asid gra trans nan tout manje yo sèvi. Ane pase, pen ki fèt ak gren konplè ansanm ak lòt gren vin tounen manje nòmal yo sèvi e ane sa a, te gen yon chanjman kote yo sèvi pat alimantè ki fèt ak ble antye.

Madan Penny Parham, direktis seksyon pou manje ak nitrisyon an, di kon sa : « Distrik la gen yon filozofi ki enterese anpil nan byennèt elèv yo. Met ansanm ak manje ki bay sante nou sèvi nan lekòl yo, nou mete aksan tou sou aktivite lekti ak ekriti ki an rapò ak yon bon sante – nou montre timoun yo li etikèt manje yo, nou montre yo swen sante ki baze sou aktivite lekòl ansanm ak aktivite fizik”.

Gen yon nouvo pwogram, Pay PAMS (*Parent Account Management System*), ki pèmèt paran yo kontwole chwa manje pitit yo nan lekòl yo. Nan rejis kafeterya a, yo antrè chwa timoun yo fè yo nan yon sistèm enfòmasyon sou òdinatè, kote paran yo ka verifiye chwa sa yo sou entènèt. Madan Parham, yon dyetetisyèn ki lisansye, sèvi ak pwogram sa a ak pwòp pitit pa l kòm mwayen pou yo diskite avè l sou chwa yo vle fè.

Lè fini tou, Madan Parham mete aksan sou pwogram lekòl yo ki rele “pwogram manje maten gratis” la pou nenpòt ki elèv chak jou epi ki la depi 2004. Li di: “Manje yon bon manje maten ki bay sante, sa gen bon konsekans sou prezans timoun yo nan klas. Ou fè elèv yo vin lekòl, ou ba yo manje epi y ap aprann”.

Direktis la pale de kolaborasyon ki genyen ant lekòl yo ak Alyans pou yon jenerasyon ki pi an sante, yon pwogram ki kanpe ak Asosyasyon ameriken pou lasante ansanm ak Fondasyon William J. Clinton. Alyans lan ap travay nan tout peyi a pou elimine pwoblèm timoun twò gwo a epi pou bay jenn yo enspirasyon pou yo ka devlope abitud ki bay sante epi ki fè lavi dire.

Madan Parham di: “O pa kab tcheke rezilta nan yon ti bout tan. Lè nou fè tout bagay sa yo, nan koze regleman lekòl yo, nou ann espwa wè rezilta a nan timoun yo etan y ap grandi. Ou kab espere yon chanjman konpòtman nan ba yo konesans”. Li di pawòl sa yo, etan li ensiste timoun yo lekòl sèlman 180 jou nan yon ane, alò anviwònman lakay yo enpòtan anpil tou.

Steve Marcus, ki prezidan Fondasyon pou lasante nan sid Florid epi manm Konsèy administrasyon *The Children's Trust*, pale de enpòtan anviwònman lakay timoun yo tou. Li di: “Abitid manje manje ki bay sante kòmpanse ak bon chwa ki bay sante, ak paran ki sèvi kòm bon jan modèl pou lasante. Ou pa kab ale lekòl epi ou manje byen, epi apre sa lè ou antrè lakay ou pou ou chita devan manje ki chaje ak grès”. Fondasyon Mesye Marcus ap dirije a travay nan Miyamided Konnti, Brawòd Konnti ak Monnwò Konnti, l ap ankouraje pou tout timoun gen chans jwenn bon kalite swen sante ki abòdab, epi pou yo mennen yon mòd vi ki bon pou sante.

Mesye Marcus rekonèt travay yon paran pa fasil lè li oblije fè fas ak tout pil kantite kote k ap vann manje rapid yo, epi menm gen boutik k ap estòke bagay ki pa bon pou sante, anpil fwa se paske bagay sa yo pa gate vit.

Men, menm si manje ki pi bon pou sante kapab pi chè pafwa, pri a pi wo lontan pou kesyon moun ki gwo depase oswa ki soufri maladi obezite (maladi gwo vant). Timoun ki twò gwo plis kapab devlope pwoblèm sante fizik lè yo vin jenn moun ak lè yo vin granmoun, maladi tankou dyabèt sikre tip 2 ak maladi kadyovaskilè, e anpil fwa yo konn pa renmen pwòp tèt pa yo, yo konn pa gen konfyans nan tèt yo epi yo konn gen lòt atitud ki negatif.

Pwogram ki fè moun megri rapid, sitou pou timoun, se bagay ki gen danje kèk fwa. Met sou sa, gen 10 pou san elèv lekòl segondè ki soufri pwoblèm twoub manje mal.

Òganizasyon « Society for Nutrition Education » (Sosyete pou bay moun fòmasyon nan afè nitrisyon), ki moute yon pwogram pou ede timoun evite vin twò gwo, rekòmande nou pou n moute yon plan pou lasante pa pou gwo. Yo fè konnen se yon bagay ki pi fasil pou moun reyalize lè nou panse timoun kapab kenbe yon sèten gwose ki bon pou sante – se gwose natirèl kò a pran si timoun yo manje manje ki bay sante epi yo fè bon jan aktivite fizik.


Chanjman nan mòd vi nou mennen tankou manje manje ki bay sante epi fè egzèsis, se chanjman ki pi bon pou timoun yo, pase si n ta mete aksan fè yo megri. Anseye timoun yo pou yo konnen kò yo se yon bon bagay e ankouraje yo pou yo kenbe kò a an sante.

Si w bezwen plis enfòmasyon:

www.healthiergeneration.org

www.healthyweightnetwork.com

www.sne.org



Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:
www.thechildrenstrust.org

Fè plan pou n sove

Kote ki fè nou jwenn atik sa a se òganizasyon Injury-Free Coalition for Kids of Miami ak lopital Holtz Children's Hospital/University of Miami Miller School of Medicine..

Nan peyi Etazini, bagay ki lakòz plis moun mouri apre aksidan, se dife ak boule.¹ An 2006, te gen 68 ka kote timoun ak jenn moun nan Miyamidèd Konnti te sibi domaj ki an rapò ak dife. Sa enpòtan anpil pou w gen yon plan pou fanmi w sove lè gen dife epi pou n fè antrènman ak plan sa a, pou w kab sèten fanmi w toujou pwoteje.

Men kèk machasiv nan fè plan pou n sove si gen dife:

- Nou dwe enstale alam pou detekte lafimen pa devan pòt an tre chak chanm kote moun dòmi, epi nou dwe teste yo chak mwa. Chanje pil yo de fwa nan yon ane, etan n ap chanje revèy nou lè lè a chanje.
- Afiche nimewo 911 tou pre telefòn nan epi montre timoun yo sèvi avè l.
- Si sa fasil pou moun nan lari wè nimewo kay ou, fè lide make li ak penti sou kote lari a pou ponpye ka fasil jwenn kay la.
- Trase yon plan kay la, make de wout nou ka fè pou n sove soti nan chak chanm.
- Nou dwe sèten tout pòt, fenèt ak pèsyèn kapab louvri. Fè fòje ki pa deyò fenèt yo dwe kapab « louvri rapid » epi timoun yo dwe konn ki jan pou yo sèvi ak yo.
- Si nou dwe pase nan lafimen pou n soti, ranpe atè epi rete ba. Pa janm ouvè pòt ki cho lè n manyen yo.
- Chwazi yon pwèn rankont kote tout moun kapab reyini san danje kou yo soti nan kay la.
- Se pou n konnen ki moun ki responsab pran timoun piti yo, oswa nenpòt moun ki bezwen èd pou l soti. Se pou n gen yon dezyèm responsab tou.
- Fè antrènman sou plan pou nou sove a omwen de fwa chak ane.

Lafimen ak dife kapab gaye tout anndan kay la byen rapid, epi nou pap gen tan pou nou pèdi. Se anvan danje a rive pou nou fè plan nou. Kon sa, lè alam dife a sonnen, fanmi an ap kab soti byen vit epi sennesòf. Dife kapab fè moun pè epi l kab fè gwo dega. Men lè nou fè plan pou nou sove, sa kab nan nou garanti bagay ki pi enpòtan yo rete ansanm avèk nou.

Pou plis enfòmasyon sou sekirite kont dife, kontakte Kowalisyon ki rele Injury-Free Coalition for Kids of Miami nan nimewo 305-243-3928.

Lòt sous enfòmasyon

- National Fire Protection Association: www.nfpa.org
- U.S. Fire Administration: Get Out Safety. A fact sheet on fire escape planning; <http://www.usfa.dhs.gov/downloads/pdf/fswy9.pdf>

¹Centers for Disease Control and Prevention. Web-based Injury Statistics Query and Reporting System (WISQARS) [Online]. (2005) www.cdc.gov/ncipc/wisqars.

Pran desizyon pou w enspire pitit ou atravè travay atis

Se ekip "Arts for Learning" nan ki pote tèks sa a pou ou.

Gen plizyè fason tou senp nou kab fè aktivite atis an tre nan aktivite fanmi an fè chak mwa. Ane sa a, kreye tan pou n selebre kreyativite. Men sa travay atis ankouraje:

Kreyativite: Fèmen je nou epi sispann doute. Fèmen je nou, monte yon istwa orijinal.

Bèl mèvèy: Ale nan yon teyat epi amize nou nèt nan yon bèl espektak an dirèk.

Bèlte: Al vizite yon mize.

Bay ak kè kontan: Fè yon bèl pyès travay atis epi fè yon moun espesyal kado li. Al gade yon espektak ansanm ak lòt moun.

Kiryozite: Fè yon liv famiy alamen ki gen plizyè ti koze espesyal ki ka rann fanmi ou an diferan de tout lòt fanmi ki egziste.

Disiplin: Bay tèt ou defi pou w aprann yo bagay ki nouvo; al enskri nan yon kou atis, mizik oswa dans.

Angajman: Fè salon lakay ou tounen yon galri atis. Chwazi yon sijè epi fè yon seri desen, kolaj, tablo ak eskilti. Kou travay sa yo fin fèt, bay chap pyès yo yon non, kwoke yo nan salon an. Apre sa, envite vwazen vin manje yon ti bonbon, bwè yon ti limonad.


Travay ann ekip: Envante yon jwèt pou fanmi ki mande pou tout moun travay ansanm. Sa kapab yon bagay senp tankou jwèt devine mo.

Karaktè pèsònèl: Fè plan yon rad ak tout akseswa ansanm ak pitit ou. Men kèk bon bagay ki kab ede w kòmanse: papye ijèn, sache an papye oswa fil fè pou netwaye pip. Fè aktivite a fini ak yon defile mòd.

Konfyans: Monte yon pyès teyat nan lakou lakay ou. Sa kapab yon istwa orijinal sou fanmi an oswa sa ka baze sou yon liv pou timoun oswa yon istwa pou timoun.

Kesyon: Reflechi yon lòt fason a bagay ki nan kay la. Pran bagay tankou yon bonm ak chodyè epi fè yo tounen lòt kalte enstriman ak lòt seri trezò.

Fyète: Reflechi sou dekouvèt nou fè ak sa nou akonpli pandan ane a. Fete ansanm.



Patisipe Nan ti Journal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak bibliyasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation 3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo bibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak **United Way Center for Excellence in Early Education** (305-631-7600) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèviz pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220) and The Children's Trust (305-571-5700).

Edite ti journal sa a se: Ana de Aguiar Echevarria (305-646-7230)

ba yo plis konesans



3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665